

Ki Tès Depistaj Kansè nan Gwo Trip Ki Apwopriye Pou Mwen?

Kolonoskopi ak tès pou pou se fason ki kouran pou fè depistaj pou kansè nan gwo trip (yo rele l tou kansè kolorektal). Kesyon ak repons ki swiv yo pral ede w konpare tou de opsyon yo pou ede w chwazi sa ki pi bon pou ou a. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la si ou gen lòt kesyon.



	Kolonoskopi	Tès pou pou
Kiyès k ap fè tès depistaj la?	Yon pwofesyonèl swen sante.	Ou.
Kote yo fè tès depistaj la?	Nan yon biwo doktè oswa nan yon sant swen sante.	Nan Kay.
Èske mwen bezwen fè preparasyon avan tès depistaj la?	Wi. Ou pral bezwen swiv yon rejim alimantè likid epi pran medikaman pou netwaye gwo trip ou lavèy jou kolonoskopi a. Ou pral bezwen tou asire w gen yon moun ki ka mennen w lakay ou apre sa.	Anjeneral, pa gen okenn preparasyon espesyal ki nesèsè.
Èske gen bagay mwen dwe fè pandan tès depistaj la?	Non. Y ap ba w medikaman pou fè w dòmi (sedasyon) pandan y ap fè kolonoskopi a.	Wi. Ou pral bezwen pran yon echantyon nan pwòp pou pou pa w.
Èske gen bagay mwen dwe fè apre tès depistaj la?	Wi. Gen yon moun ki pral bezwen mennen w lakay ou apre sa. Yo p ap kite ou ale poukont ou.	Wi. Ou pral bezwen swa voye tès la pa lapòs oswa depoze l nan biwo founisè swen sante w la oswa nan yon laboratwa.
Konbyen fwa mwen bezwen fè tès depistaj?	Si rezilta w nòmal, epi ou pa gen gwo risk pou kansè nan gwo trip, ou ta dwe fè pwochen kolonoskopi w la nan 10 ane.	Yon tès pou pou dwe fèt chak youn a twa zan, sa depann de ki kalite tès ou fè a.

	Kolonoskopi	Tès pou pou
Poukisa tès depistaj la?	Yon kolonoskopi gade dirèkteman anndan gwo trip ou. Yon founisè swen sante sèvi ak yon aparèy espesyal pou l detekte epi retire polip. Yon kolonoskopi kapab detekte kansè tou anvan li kòmanse bay sentòm.	Yon tès pou pou verifye si gen san nan pou pou w. Gen ladan yo tou ki verifye si gen siy kansè espesifik.
<p>Yon polip se yon ti boul oswa yon bòs ki nan gwo trip ou. Pifò polip pa kansè, men genyen kèk ki kapab vin tounen kansè.</p>		
Kijan tès depistaj sa yo fonksyone?	Kolonoskopi bon pou jwenn kansè nan gwo trip epi yo ede anpeche kansè nan gwo trip lè yo retire polip yo.	Tès pou pou yo bon pou jwenn kansè nan gwo trip, men yo pa tèlman bon pou jwenn polip.
Nan konbyen tan m ap jwenn rezilta yo?	Anjeneral, w ap jwenn premye rezilta yo touswit apre kolonoskopi a. Si ou gen nenpòt polip, sa pral pran kèk jou pou w jwenn rapò final la.	Anjeneral, w ap resevwa rezilta w yo nan kèk jou.
Èske gen yon tan rekipasyon apre tès depistaj la?	Wi. Ou ka santi w yon ti kras fatige epi ou ka vle repoze w pandan kèk èdtan apre sa.	Non.
Èske mwen bezwen pran yon randevou pou swivi?	Anjeneral, ou p ap bezwen fè sa anvan lè pou pwochen kolonoskopi w la rive. Si yo jwenn nenpòt pwoblèm, pwofesyonèl swen sante w la ap diskite sou swivi a avèk ou.	Si tès pou pou a pa nòmal, w ap bezwen yon kolonoskopi. Sinon, w ap jis bezwen swiv ki lè dat pwochen depistaj ou a ap rive.

Si ou enterese aprann sou lòt opsyon tès depistaj pou kansè nan gwo trip, mande pwofesyonèl swen sante w la enfòmasyon sou sa ki annapre yo:

- Tès san
- Kolonografi atravè eskanè
- Sigmoydoskopi fleksib

Sonje, pi bon tès depistaj la se sa ou pral fè a.